



Pou Piblikasyon Imedya: 07/12/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO INISYATIV POU RANFÒSE ENDISTRI REZEN KONKÒD NEW YORK LA YO

Li Lanse Pwogram Amelyorasyon Vinyòb 1.3 Milyon Dola a pou Amelyore Pwodiksyon Varyete Rezen ki an Demand yo epi Ogmante Rantabilite

Finansman Adisyonèl sa a pral Sipòte Rechèch pou Devlope Nouvo Pwodwi yo fè ak Rezen Konkòd yo epi Idantifye Nouvo Opòtinite Komèsyal yo

L ap Ajoute sou Efò Eta ap fè pou Devlope Endistri Gouvènè a te Premye Anonse nan Somè sou Rezen Konkòd li a

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse plizyè nouvo inisyativ pou ranfòse endistri rezen konkòd New York la, ki gen ladan yon investisman plis pase 1.3 milyon dola nan Pwogram Amelyorasyon Vinyòb la (Vineyard Improvement Program) pou ede kiltivatè yo renove vinyòb yo, divèsifye operasyon yo epi plante nouvo varyete rezen, ogmante pwodiksyon ak ogmante rantabilite. Anplis de sa a, eta a pral ofri finansman pou sipòte rechèch nan Cornell University pou yo devlope nouvo pwodwi yo fè ak rezen Konkòd yo epi idantifye opòtinite komèsyal yo. Inisyativ sa yo se yon rezilta dirèk tou premye somè sou rezen Konkòd (Concord Grape Summit) Gouvènè a te òganize an Avril ane sa a.

“Antanke kote ki gen pi gran endistri rezen Konkòd nan rejyon lès Etazini an, Eta New York la ap mete li yon priyorite pou n sipòte kiltivatè ak biznis lokal yo ki an konsekans ap estimile kwasans ekonomik onivo rejyonal”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nouvo inisyativ sa yo pral ranfòse endistri rezen an epi kreye nouvo djòb lè yo itilize youn nan pi gran resous agrikòl New York genyen yo.”

“Rezen konkòd yo kiltive atravè litoral Lak Erie a yo se yon eleman enpòtan nan peyizaj agrikòl divès Eta New York la”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Avèk pwogram amelyorasyon vinyòb sa a ak tou premye Somè sou Rezen Konkòd yo te òganize ane sa a, New York ap fè tout sa nou kapab pou nou sipòte endistri rezen an ak pwodwi agrikòl yo toupatou atravè eta a. Investisman sa a k ap fèt nan nouvo inisyativ yo pral ede ogmante pwodiksyon ak devlope nouvo pwodwi pou kontinye kreye opòtinite epi ranfòse ekonomi an, an jeneral.”

Atravè Pwogram Amelorasyon Vinyòb la, kiltivatè rezen Konkòd nan Konte Chautauqua, Cattaraugus, Allegany, Steuben, Schuyler, Tompkins, Chemung, Tioga, Broome, Chenango, Delaware, Niagara ak Erie yo ap elijib pou yo aplike pou jiska 50,000 dola pou amelyore operasyon vinyòb yo. Se Pwogram Rezen Rejyon Lak Erie a (Lake Erie Regional Grape Program) k ap jere pwogram lan. Y ap aksepte aplikasyon yo tank yo resevwa yo sou sit www.lergp.com lan.

Anplis, Depatman Agrikilti ak Mache yo (Department of Agriculture and Markets) te resevwa prèske 145,000 dola sibvansyon nan men Depatman Agrikilti Etazini an (United States Department of Agriculture, USDA) ke yo pral itilize pou yon pwojè y ap fè ak Cornell University, pou yo jwenn nouvo pwodwi ak mache pou endistri rezen Konkòd New York la. Yo pral koresponn finansman an ak sipò y ap jwenn nan men Cornell ak nan men Fondasyon Diven ak Rezen New York la (New York Wine and Grape Foundation), yon envestisman k ap plis pase 450,000 dola ototal. Objektif pwojè twazan an se pou yo ogmante rantabilite pou kiltivatè ak transfòmasyon rezen Konkòd yo atravè rechèch sou lasyans agwo-alimantè ak devlopman pwodwi.

Fakilte Agwonomi ak Syans Lavi (College of Agriculture and Life Sciences, CALS) Cornell University la pral mennen rechèch pou yo devlope nouvo pwodwi k ap itilize rezen Konkòd yo, fè analiz sou komèsyalizasyon ak chèn apwovizyonman yo pou yo jwenn obstak ki anpeche kwasans yo epi idantifye nouvo opòtinite pou kwasans yo, epi mennen rechèch sou tandans konsomatè yo pandan y ap konekte yo ak nouvo pwodwi ak engredyan rezen Konkòd yo. Alokasyon ke yo te mete apa nan Bidjè Eta a pou Ane 2018-19 la pou fè rechèch sou rezen Konkòd la pral finanse rechèch sou syans alimantè a.

New York se dezyèm pi gran pwodikyon rezen Konkòd nan nasyon an. Rejyon Rezen Lak Erie a (Lake Erie Grape Belt) anglobe plis pase 800 vinyòb ak 22 etablisman diven ki kouvri 12,950 ekta tèren agrikòl ki favorab a kilti rezen sou bò rivaj lak la soti Buffalo rive Erie, Pennsylvania. Fèm sa yo pwodwi plis pase 150,000 tòn rezen Konkòd, ke yo vann pifò ladan yo pou yo fè ji men yo itilize yo tou pou fè jele, mamelad ak diven. Apeprè 2,000 djòb depann de endistri rezen Konkòd la, ki kreye 340 milyon dola nan enpak ekonomik chak ane.

Nan ane ki sot pase yo, kiltivatè rezen Konkòd New York yo te fè fas a anpil defi akòz yon melanj chanjman preferans konsomatè yo gen pou pwodwi ji yo ak eksedan pwodwi yo ki te redwi pri rezen an yo. Biznis ki pwodwi ji ak jele yo te sibi enpak tou, avèk anpil ladan yo ki te fèmen oswa redwi pwodiksyon yo kòm konsekans.

Kòm repons, eta a te òganize yon Somè sou Rezen Konkòd an avril la pou yo kòmanse prezante yon plan daksyon pou revitalizasyon endistri a. Depi lè sa a, eta a te antreprann nouvo efò pou yo konekte kiltivatè yo ak nouvo mache, ki gen ladan:

- Òganize Jounen Rezen (Grape Day) nan Gran Fwar Eta New York la (Great New York State Fair) pou yo entwodwi konsomatè yo a pwodwi ki fèt ak rezen konkòd yo epi edike moun sou istwa ak enpòtans rezen genyen pou sektè agrikilti New York la.
- Lanse yon Pwogram Sibvansyon pou Devlopman Mache (Market Development Grants Program) k ap koute 114,000 dola pou sipòte nouvo opòtinite

komèsyalizasyon ak acha enstitisyonèl ji rezen yo. Yo te akòde sibvansyon yo bay Fidisi Tèren Agrikòl Ameriken an (American Farmland Trust), GrowNYC ak Fondasyon Diven ak Rezen New York la pou yo pwomouvwa itilizasyon rezen Konkòd nan lekòl yo, nan restoran yo, ak nan endistri bwason atizanal la.

- Ogmante reprezantasyon endistri rezen an nan fwar komèsyal domestik ak entènasyonal yo, ki gen ladan evènman nan Chicago, Orlando ak Vil New York.
- Planifye yon atelye sou opòtinite ekspòtasyon ak asistans komèsyalizasyon ki genyen pou endistri a yo
- Òganize evènman pwomosyonèl espesyal, tankou lè rabè Concord Crush Happy Hour, an kowòdinasyon ak GrowNYC nan Vil New York, pou ofri restoran yo ak lòt moun k ap achete rezen Konkòd ak ji rezen konkòd yo enfòmasyon sou apwovizyonman yo, epi pou yo prezante konsomatè ki vin nan mache yo nouvo pwodwi ki fèt ak rezen Konkòd yo.
- Fè sòti tou premye rezen Konkòd san grenn, yo rele Everest Seedless la, nan pwogram repwodiksyon rezen CALS Cornell la, ke eta New York ap finanse a.

Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare, “Endistri rezen Konkòd nou an plen potansyèl pou kwasans. Nou pran angajman pou nou sipòte kiltivatè ak biznis nou yo k ap kreye pwodwi ki fèt ak rezen Konkòd yo atravè ogmantasyon efò komèsyalizasyon yo ak pwomosyon yo. Nouvo inisyativ sa yo pral ede nou ajoute sou pwogrè nou te fè yo epi pote yon elan pou endistri a”.

Prezidan Komite Agrikòl Sena a (Senate Agriculture Committee), Patty Ritchie, te deklare, “Antanke dezyèm eta ki pi gran pwodiktè rezen Konkòd nan nasyon an, nou te deja wè enpak kiltivatè rezen k ap travay di nou yo te genyen sou endistri agrikòl Eta New York la. Sektè bwason atizanal eta nou an ap fleri, epi atravè envestisman k ap fèt nan rechèch ak komèsyalizasyon yo, nou ka kontinye elan sa a epi an retou, plis estimile ekonomi nou an epi kreye djòb”.

Prezidan Komite Agrikilti Asanble a (Assembly Agriculture Committee), Bill Magee, te di, “Sipò sa a ke endistri rezen Konkòd New York la byen bezwen an pral egzakteman ranfò kiltivatè k ap chache amelyore kalite rezen yo bezwen an, epi l ap prepare yo pou yo konfwonte defi pwodiksyon, devlopman, ak komèsyalizasyon nouvo pwodwi inovatè yo”.

Kathryn J. Boor, ki se Dwayèn Inivèsite Agwonomi ak Syans Lavi (College of Agriculture and Life Sciences, CALS) Ronald P. Lynch lan nan Cornell University, te deklare, “New York se peyi rezen Konkòd. Anpil jenerasyon ekspètiz Cornell yo te ede kiltivatè rezen nan eta a yo pwodwi pi meyè kalite rezen Konkòd yo te ka jwenn nan lemond antye. Finansman sa a pral amelyore operasyon vinyòb yo pou kiltivatè toupatou atravè rejyon an pandan l ap bay syantifik kilinè nou yo espas pou yo inove ak devlope nouvo pwodwi pou mache a. Patenarya sa yo kontinye fè a se yon viktwa pou kiltivatè yo, pou pwodiktè yo ak pou konsomatè toupatou”.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral GrowNYC a Marcel Van Ooyen te deklare, “Pandan plizyè ane, Pwogram Mache Ekolojik (Greenmarket program) GrowNYC a te kreye espas mache nan Vil New York pou kiltivatè yo vann pwodwi yo, nan konsa yo te amelyore vyabilite fèm yo. Efò nou ap fè pou nou ede fè pwomosyon pou rezen Konkòd

yo se yon bèl egzanzp ki montre kijan, lè nou travay ansanm ak patnè restoran nou yo isit la nan Vil la, nou ka sipòte kiltivatè ki gen bezwen yo”.

Prezidan Fondasyon Diven ak Rezen Eta New York la, Sam Filler te deklare, “Mwen aplodi angajman Gouvènè Cuomo pran pou l sipòte endistri rezen Konkòd la menm jan l te fè pou endistri rezen diven an. Kiltivatè rezen Konkòd nou an yo te fòme kolòn vètebral endistri nou an pandan plizyè jenerasyon. Se rezen yo vann plis nan New York, epi Fondasyon Diven ak Rezen New York la gen plan pou rann Konkòd vin sinonim avèk New York atravè inisyativ pou nouvo mache yo”.

Erica Goodman, ki se Direktris Adjwen Fidisi Tèren Agrikòl Ameriken (American Farmland Trust) Eta New York la te deklare, “Nou atann pou nou travay ak Gouvènè Cuomo ak Komisè Ball pou nou ede lekòl ki soti nan matènèl rive nan 12yèm ane yo achte plis rezen Konkòd ak ji renzen Konkòd. Lè nou pèmèt lekòl yo ak lòt enstitisyon kominotè yo achte pwodwi alimantè yo kiltive isit la nan New York, sa ap bon pou kiltivatè lokal yo epi l ap bon pou sante Nouyòkè yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)